

## **BAB III**

### **METODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Méthode Panalungtikan**

Woody dina Moleong (2012, kc. 4–5) nétélakeun yén nu dimaksud panalungtikan téh nya éta hiji méthode pikeun néangan bebeneran nu disebut ogé hiji pamikiran kritis (*critical thinking*). Panalungtikan téh ngawengku pangwangunan definisi jeung rédéfinisi kana masalah, nyieun hipotésis atawa jawaban sementara, nyieun kasimpulan jeung sakurang-kurangna ngalaksanakeun *pengujian* nu ati-ati kana kabéh kasimpulan pikeun nangtukeun naha hasil panalungtikanna cocog atawa henteu jeung hipotésis nu dijieun.

Méthode panalungtikan anu dipaké ku panalungtik nya éta cara, léngkah-léngkah sistematis anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data, naganalisis data, napsirkeun jeung nyindekkeun hasil panalungtikan. Méthode anu digunakeun nya éta méthode déskriptif analitik. Méthode déskriptif analitik dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta atawa data-data anu satuluyna dianalisis (Ratna, 2013, kc. 53). Tujuan tina ieu méthode nya éta ngadéskripsikeun jeung ngajelaskeun gambaran sistematis ngeunaan sumber data anu ditalungtik.

Moleong (2012, kc. 6) nétélakeun yén nu dimaksud méthode panalungtikan déskriptif analitik nya éta panalungtikan anu di jeronu ngawengku akumulasi data ku cara déskriptif, henteu maké uji hipotésis, teu nyieun ramalan/prédiksi, jeung teu nyangking ma'na implikasi, sanggeus didéskripsikeun satuluyna dianalisis kalawan maké interprétasi jeung pamahaman anu jero.

Méthode déskriptif analitik dina ieu panalungtikan dipaké pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis unsur intrinsik carpon, sarta ajén moral nu aya dina carpon, kalayan maké ulikan struktural jeung ajén moral.


Ieu métode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun struktur jeung ajén moral dina kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar. Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) ngumpulkeun data, mangrupa déskripsi carita tina unggal carpon nu aya dina kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar;
- 2) ngadéskripsikeun téma carita jeung fakta carita (galur, tokoh, jeung latar) nu aya dina kumpulan carpon carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar;
- 3) nganalisis ajén moral dina téma carita, tokoh jeung penokohan nu aya dina kumpulan carpon carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar;
- 4) ngadéskripsikeun hasil penapsiran jeung kacindekan hasil analisisna.

### **3.2 Désain Panalungtikan**

Musthafa dina Alwasilah (2012, kc. 26) nétélakeun sangkan bisa ngalaksanakeun hiji panalungtikan nu mangpaat, hiji panalungtikan kualitatif sakuduna miboga sababaraha pangaweruh ngeunaan topik di sabudeureun pasualan anu ditalungtikna, nepi ka bisa aya kamungkinan pikeun nyieun sarupaning patalékan dina panalungtikan. Ku sabab kitu, bisa dijieun hiji désain atawa rarancang panalugtikan nu bisa disanghareupan kalayan percaya diri.

Désain panalungtikan mangrupa rarancang nu dijadikeun tatapakan ku panalungtik dina prungna prosés panalungtikan. Dijieun dumasar kana prak-prakan nu baris dilaksanakeun dina panalungtikan, ngawengku léngkah-léngkah nu kudu dilakonan dina nyusun skripsi ti mimiti prosés nyusun skripsi, ngumpulkeun data panalungtikan, ngolah data panalungtikan, nepi ka dipungkas ku cara nyusun jurnal pikeun jadi laporan panalungtikan. Anapon désain panalungtikan nu dijadikeun tatapakan pikeun lumangsungna ieu panalungtikan didadarkeun dina ieu bagan.



Bagan 3.1

Neulis Fitria, 2023

*KUMPULAN CARPON LAGU CINTA JEUNG SAJABANA KARYA NUNU NAZARUDIN AZHAR KAJIAN STRUKTURAL DAN NILAI MORAL*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

## Désain panalungtikan

Dumasar kana bagan 3.1 léngkah-léngkah nu dipilampah ku panalungtik nya éta:

- 1) tahap tatahar, dilakukeun ku cara néangan sababaraha bacaan boh hasil panalungtikan séjén boh rupa-rupa pustaka séjén;
- 2) tahap pelaksanaan, hartina panalungtik geus manggih masalah nu dék ditalungtik, tuluy leuwih nyosok jéro dijieun kana sababaraha patalékan nu didadarkeun dina rumusan masalah, rumusan masalah éta kudu dijawab hiji-hiji ku cara milampah panalungtikan;
- 3) tahap ngumpulkeun data, dilaksanakeun maké teknik studi pustaka, dilakukeun nalika ngumpulkeun rupa-rupa tiori jeung dadasar paélmuan pikeun nalungtik pasualan nu ditalungtik;
- 4) tahap nganalisis data, mangrupa prosés anu dilakukeun nalika data geus kakumpulkeun, tuluy dianalisis nepi kapanggih jawaban tina rumusan masalah nu dijieun saméméhna, diadumaniskeun jeung sababaraha tiori nu dijadikeun dadasar dina nalungtik;
- 5) tahap nyieun laporan, nya éta prosés ahir dina nyusun skripsi panalungtikan, hartina panalungtik geus meunang jawaban tina rumusan pasualan nu dijieun.

### 3.3 Data jeung Sumber Data

Data nya éta sagala rupa nu kacangking ku panalungtik dina panalungtikan, bisa mangrupa dokumén, laporan, gambar, foto, hasil wawancara, jsté. Data téh bisa dikumpulkeun saupama panalungtik geus nangtukeun nu jadi sumber data nu ditéangan.

Numutkeun Lofland dina Moleong (2012, kc. 157) nu disebut sumber data utama dina panalungtikan kualitatif nya éta kekecapan jeung tindakan. Salian ti éta, dideudeulan ku data tambahan saperti dokumén, jsté.

Neulis Fitria, 2023


*KUMPULAN CARPON LAGU CINTA JEUNG SAJABANA KARYA NUNU NAZARUDIN AZHAR KAJIAN STRUKTURAL DAN NILAI MORAL*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta buku kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar, nya éta nu judulna: (1) “Bulan jeung Halimun”, (2) “Jék”, (3) “Labirin”, (4) “Sang Bujangga”, (5) “Lagu Cinta jeung Sajabana”, (6) “Dongéng Sakedapan”, (7) “Girimis Ngepris ti Sareupna Mula”, (8) “Pasir Kalari”, (9) “Rock Star!”, (10) “Kalangkang”, (11) “Tugur”, (12) “Awéwé nu Kabawa Hujan”, (13) “Rustam Maok Bulan”, (14) “Simpé di Pasir Maria”, (15) “Kiai Bangbrang Salayan”. Salian ti buku kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar, panalungtik ogé teu leupas tina sababaraha sumber data séjén pikeun bahan dina kajian pustaka.

### 3.3.1 Déskripsi Buku Kumpulan Carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana*

Buku kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* téh mangrupa buku nu ditulis ku salah saurang pangarang Sunda, nya éta Nunu Nazarudin Azhar, medal taun 2021 citakan kahiji, kandelna 124 kaca, pamedalna nya éta Layung. Saupama ditilik tina jilidna, katitén aya gambar wanoja jeung jajaka keur silih cekelan. Tulisan Lagu Cinta jeung Sajabana diwarnaan coklat semu ungu, nyaluyukeun jeung warna latar dina buku, dina jilid tukangna dicutat karya-karya Nunu Nazarudin Azhar, jeung data pinunjul ngarang naskah drama Basa Sunda, di antarana meunang *Hadiah Sastra DK Ardiwinata*, *Hadiah Sastra LBSS* ogé kungsi meunang *Anugerah Kawistara* ti Balai Bahasa Jawa Barat jeung *Hadiah Sastra Rancagé*. Leuwih jelasna bisa diilikan dina gambar 3.1.



Gambar 3.1

Jilid buku kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar

Ieu buku téh nyaritakeun rupa-rupa pasualan dina kahirupan jaman kiwari. Dina ieu buku téh aya 15 carpon nu miboga carita nu béda-béda, dumasar kana maca saliwat, lolobana éta carpon téh ngaguar pasualan ngeunaan kahirupan manusa jaman kiwari, boh di lingkungan kulawarga boh di lingkungan masarakat. Ieu 15 carpon téh saupama disalusur leuwih nyosok jero, miboga amanat nu kacida pentingna pikeun jadi enteung kahirupan nu maca.

### 3.3. Déskripsi Pangarang Kumpulan Carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana*

Nunu Nazarudin Azhar gumelar di Tasikmalaya, 23 Agustus 1973. Rupa-rupa karya sastra Sunda geus ditulis ku Nunu Nazarudin Azhar, di antarana: sajak, carpon, naskah drama, novel, jeung fiksimini. Salaku pangarang Sunda anu produktif nulis rupa-rupa karya sastra, Nunu Nazarudin Azhar kungsi dilélér penghargaan kayaning: *Hadiah sastra DK Ardiwinata, Hadiah sastra LBSS, Anugerah Kawistara*.

Carpon munggaran Nunu Nazarudin Azhar *Ti Pulpén Tepi ka Pajaratan Cinta* nu medal di Kiblat (2002). Karangan-karanganna loba dimuat dina sawatara majalah jeung koran Sunda kayaning: *Manglé, Galura, Nova, Pikiran Rakyat, Tempo, Kompas*

Neulis Fitria, 2023

**KUMPULAN CARPON LAGU CINTA JEUNG SAJABANA KARYA NUNU NAZARUDIN AZHAR KAJIAN STRUKTURAL DAN NILAI MORAL**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

jeung média citak séjénna. Karya Nunu Nazarudin Azhar anu geus medal di antarana: *Nafas Gunung* (1997), *Gelak Esai & Ombak Sajak* (2001), *Orasi Kue Serabi* (2001), *Ti Pulpén Tepi ka Pajaratan Cinta* (2002), *Heulang nu Ngajak Béngbat* (2004), kumpulan Naskah Drama *Jeblog* (2009), *Kanagan* (2011), kumpulan sajak Sunda *Ngabungbang* (2012), *Katumbiri* (2013), kumpulan fiksimini *Dayeuh Kasareupnakeun* (2014), kumpulan sajak Sunda *Miang* (2017), jeung kumpulan puisi *Hikayat Pendekar Tua* (2021).

### **3.4 Téhnik Ngumpulkeun jeung Ngolah Data**

#### **3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah pangpentingna dina panalungtikan. Téhnik nu dipake dina ieu panalungtikan nya éta téhnik talaah pustaka. Data nu dikumpulkeun téh sagemblengna mangrupa data tinulis tina buku kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar.

#### **3.4.2 Téhnik Ngolah Data**

Téhnik ngolah data dilaksanakeun nalika panalungtik geus ngumpulkeun data saluyu jeung téhnik nu dipaké dina ngumpulkeun data. Dina ngolah data, panalungtik ngagunakeun téhnik analisis/ulikan data. Téhnik analisis/ulikan data nu dipaké nya éta, ulikan strukturalisme jeung ulikan ajén moral.

### **1) Téhnik Ulikan Strukturalisme**

Ulikan strukturalisme jadi salah sahiji téhnik nu dipaké dina ngolah data. Anapon ulikan strukturalisme nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun maluruh kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar. Ulikan strukturalisme nu dijadikeun dadasar dina ngolah data téh nya éta tiori strukturalisme Robert Stanton. kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar téh dipaluruh dumasar unsur-unsur intrinsikna nya éta: (1) téma, (2) alur/plot, (3) tokoh/watek, jeung (4) latar.

Neulis Fitria, 2023

***KUMPULAN CARPON LAGU CINTA JEUNG SAJABANA KARYA NUNU NAZARUDIN AZHAR KAJIAN STRUKTURAL DAN NILAI MORAL***

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

## 2) Téhnik ulikan Ajén moral

Ulikan ajén moral dijadikeun salah sahiji téhnik nu dipaké dina ngolah data. Tiori nu dijadikeun cecekelan nya éta konsep Warnaen spk, kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar téh dipaluruh dumasar déskripsi moral nu ngawengku: (1) moral manusa ka pangéran (MP), (2) moral manusa ka dirina sorangan (MMD), (3) moral manusa ka papada jalma (MMPJ), (4) moral manusa ka alam (MMA), (5) moral manusa ka waktu (MMW), jeung (6) moral manusa dina ngudag sugema lahiriah jeung batinaiah (MMLB).

Léngkah-léngkah analisis data nu dilaksanakeun ku panalungtik dina ngolah data nya éta:

- 1) maca kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar kalayan gemet tur jero
- 2) nganalisis kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar
- 3) nganalisis ajén moral kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar
- 4) ngadéskripsikeun, nafsirkeun jeung nyieun kacindekan.

## 3.5 Instrumén Panalungtikan

Intrumén panalungtikan téh nya éta alat/media anu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan pagawéan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé. Instrumén dina ieu panalungtikan téh dipaké dina proses ngumpulkeun data jeung ngolah data

### 1) Instrumén dina Ngumpulkeun Data

Intrumén nu dipaké dina ngumpulkeun data téh nya éta lembaran céklis. Lembaran céklis téh miboga fungsi pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data nu geus aya. Éta

Neulis Fitria, 2023

**KUMPULAN CARPON LAGU CINTA JEUNG SAJABANA KARYA NUNU NAZARUDIN AZHAR KAJIAN STRUKTURAL DAN NILAI MORAL**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu




lembaran céklis téh ngawengku daftar buku, diantaranya: (1) sastra, (2) strukturalisme, (3) ajén moral, jsté.

## 2) Instrumén dina Ngolah Data

Instrumén nu dipaké dina ngolah data téh nya éta kartu data. Kartu data téh miboga fungsi pikeun ngolah jeung mindahkeun data nu geus aya. Éta kartu data téh ngawengku unsur intrinsik jeung ajén moral nu aya dina carpon, saperti palaku jeung watek, latar tempat, latar waktu, latar suasana, gaya basa, moral manusa ka pangéran (MP), moral manusa ka dirina sorangan (MMD), moral manusa ka papada jalma (MMPJ), moral manusa ka alam (MMA), moral manusa ka waktu (MMW), jeung moral manusa dina ngudag kasugemaan lahiriah jeung batiniah (MMLB). Ieu mangrupa conto gambaran kartu data nu digunakeun dina téhnik ngolah data.

### a. Kartu Data 1

Kartu data 1 digunakeun ku panalungtik pikeun ngolah data dumasar ulikan strukturalisme. Data nu diolah dina kartu téh nya éta unsur-unsur intrinsik kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar. Unsur-unsur éta téh ngawengku: 1) téma, 2) alur/plot, 3) tokoh/watek, 4) latar. Éta data diolah dumasar kana sagemblengna karya sastra kalayan objektif. Dina kartu data 1, data maké cutatan jeung nomor kaca dina éta karya sastra.



Gambar 3.2

Kartu Data pikeun Ngolah Data (Ulikan Strukturalisme)

### b. Kartu Data 2

Neulis Fitria, 2023

*KUMPULAN CARPON LAGU CINTA JEUNG SAJABANA KARYA NUNU NAZARUDIN AZHAR KAJIAN STRUKTURAL DAN NILAI MORAL*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kartu data 2 digunakeun ku panalungtik pikeun ngolah data dumasar ulikan ajén moral. Data nu diolah dina ieu kartu téh nya éta ajén moral kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar. Ajén moral nu ngawengku: (1) moral manusa ka pangéran (MP), (2) moral manusa ka dirina sorangan (MMD), (3) moral manusa ka papada jalma (MMPJ), (4) moral manusa ka alam (MMA), (5) moral manusa ka waktu (MMW), jeung (6) moral manusa dina ngudag kasugemaan lahiriah jeung batiniah (MMLB). Éta data diolah dumasar kana sagemblengna karya sastra kalayan objektif. Dina kartu data 2, data maké cutatan jeung nomor kaca dina éta karya sastra.

<p style="text-align: center;">Analisi unsur-unsur intrinsik kumpulan carpon <i>Lagu Cinta jeung Sajabana</i> karya Nunu Nazarudin Azhar</p> <p style="text-align: center;">(Judul carpon)</p> <p>(1) moral manusa ka pangéran (MP), (cutatan/kaca)</p> <p>(2) moral manusa ka dirina sorangan (MMD), (cutatan/kaca)</p> <p>(3) moral manusa ka papada jalma (MMPJ), (cutatan/kaca)</p> <p>(4) moral manusa ka alam (MMA), (cutatan/kaca)</p> <p>(5) moral manusa ka waktu (MMW), (cutatan/kaca)</p> <p>(6) moral manusa dina ngudag sugema lahiriah jeung batiniah (MMLB). (cutatan/kaca)</p>
--

Gambar 3.3

Kartu Data pikeun Ngolah Data (Ajén Moral)